

## BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Premye Vaksen Timoun ou an: Sa Ou Dwe Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Yo gen chans pou bay vaksen ki nan deklarasyon sa a anmenmtan pandan anfans ak nan kòmansman anfans. Gen *Bilten Enfòmasyon sou Vaksen* apa pou lòt vaksen ki rekòmande regilyèman tou pou jenn timoun (lawoujòl, malmouton, ribeyòl, varisèl, wotaviris, grip, ak epatit A)

## Timoun ou an ap pran vaksen sa yo jodi a:

DTaP  Hib  Epatit B  PCV  Polyo

(Founisè: Tcheke ti kare ki apwopriye yo.)

## 1. Pou kisa pou mwen vaksinen?

Vaksen yo ka anpeche maladi. Vaksen timoun yo esansyèl paske sa ede bay iminite anvan timoun yo ekspozè ak maladi ki kapab mete lavi yo an danje.

### Difteri, tetanòs ak koklich (DTaP)

- **Difteri (D)** ka lakòz pwoblèm pou respire, ensifizans kadyak, paralizi oswa lanmò.
- **Tetanòs (T)** lakòz redisman ki fè mal nan misk yo. Tetanòs ka lakòz pwoblèm sante grav, tankou enposibilite pou louvri bouch, gen pwoblèm pou vale ak respire, oswa lanmò.
- **Koklich (Pertussis, aP)**, ke yo rele tou “tous siflan”, kapab lakòz yon tous enkontwolab, vyolan ki rann li difisil pou respire, manje, oswa bwè. Koklich ka grav anpil sitou kay tibebe ak jenn timoun yo, sa ki lakòz nemoni, kriz, domaj nan sèvo, oswa lanmò.

### Maladi (*Haemophilus influenzae* tip b) Hib

*Haemophilus influenzae* tip b ka lakòz anpil kalite enfeksyon diferan. Bakteri Hib an ka lakòz maladi lejè, tankou enfeksyon nan zòrèy oswa bwonchit, oswa li ka lakòz maladi grav, tankou enfeksyon nan san. Enfeksyon Hib ka lakòz nemoni tou; anfleman grav nan gòj, ki rann li difisil pou respire; epi enfeksyon nan san, jwenti, zo, ak kouvèti nan kè a. Enfeksyon grav Hib, ki rele tou “maladi Hib anvayisan”, mande tretman nan yon lopital epi pafwa li ka lakòz lanmò.

### Epatit B

**Epatit B** se yon maladi fwa ki ka lakòz yon maladi lejè ki dire kèk semèn, oswa li ka abouti nan yon maladi grav ki dire tout lavi. Enfeksyon epatit B egi se yon maladi dire kout ki ka lakòz lafyè, fatig, pèt apeti, kèplen, vomisman, lajonis (po oswa je jòn, pipi fonce, pou pou ki gen koulè ajil), epi doulè nan misk yo, jwenti yo, ak nan vant. Enfeksyon epatit B kwonik lan se yon maladi dire long ki rive lè viris epatit B an rete nan kò yon moun. Pifò moun ki vin devlope epatit B kwonik pa gen sentòm, men li trè grav kanmenm epi li kapab lakòz domaj nan fwa (siwoz), kansè nan fwa, epi lanmò.

### Maladi nemokoksik (PCV)

**Maladi nemokoksik** vle di tout maladi bakteri nemokòk la lakòz. Bakteri sa yo ka lakòz anpil tip maladi, tankou nemoni, ki se yon enfeksyon nan poumon yo. Anplis nemoni, bakteri nemokòk yo ka lakòz tou enfeksyon nan zòrèy, enfeksyon nan sinis, menenjit (enfeksyon nan tisi ki kouvri sèvo a ak mwèl epinyè a), epi bakteryemi (enfeksyon nan san an). Pifò enfeksyon nemokoksik yo lejè. Men, kèk nan yo ka lakòz pwoblèm dire long, tankou domaj nan sèvo oswa pèt kapasite pou tande. Menenjit, bakteryemi, ak nemoni maladi nemokoksik lakòz kapab pwoblèm mòtèl.



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

## Polyo

**Polyo** (oswa polyomyelit) se yon maladi ki lakòz enfimite epi ki ka mete lavi an danje ki rive akòz polyoviris, ki ka enfekte mwèl epinyè yon moun, sa ki mennen nan paralizi. Pifò moun ki enfekte avèk viris polyo pa gen okenn sentòm, epi anpil nan yo refè san konplikasyon. Sèten moun ki enfekte ak polyoviris ap gen malgòj, lafyè, fatig, kèplen, maltèt, oswa doulè nan vant, epi pifò moun ki gen sentòm sa yo ap refè tou san konplikasyon. Yon pi piti gwoup moun ap vin gen sentòm ki pi grav: parestezi (sansasyon pikotman nan janm yo), menenjit (enfeksyon kouvèti mwèl epinyè a ak/oswa sèvo a), oswa paralizi (pa kapab bouje sèten pati nan kò a) oswa feblès nan bra, janm yo, oswa toude. Paralizi ka mennen nan andikap pèmanan epi lanmò.

---

## 2. Vaksen DTaP, Hib, epatit B, nemokòk konjige, ak vaksen kont polyo

---

Tibebe ak timoun anjeneral bezwen:

- 5 dòz vaksen kont difteri, tetanòs ak koklich aselilè (DTaP)
- 3 oswa 4 dòz vaksen Hib
- 3 dòz vaksen kont epatit B
- 4 dòz vaksen konjige anti-nemokoksik (PCV)
- 4 dòz vaksen kont polyo

Sèten timoun ka bezwen mwens oswa plis pase kantite dòz abityèl yo nan kèk vaksen pou yo gen pi bon pwoteksyon akòz laj yo lè yo pran vaksen an oswa akòz lòt sikonstans.

**Timoun ki pi gran, adolesan, ak granmoun** ki gen sèten pwoblèm sante oswa lòt faktè risk oswa ki pa te pran vaksen pi bonè yo ta ka rekòmande tou pou yo resevwa 1 oswa plizyè dòz kèk nan vaksen sa yo.

Yo bay vaksen sa yo swa kòm yon vaksen otonòm, oswa kòm yon pati nan yon vaksen konbine (yon tip vaksen ki melanje plis pase yon sèl vaksen ansanm nan yon grenn piki).

---

## 3. Pale avèk founisè swen sante ou

---

Di founisè vaksinasyon ou an si timoun ou an k ap pran vaksen an:

### Pou tout vaksen sa yo:

- Te gen yon **reyaksyon alèjik apre yon dòz anvansa ak vaksen an**, oswa si li te gen nenpòt **alèji grav ki mete lavi an danje**

### Pou DTaP:

- Te gen yon **reyaksyon alèjik apre yon dòz nenpòt vaksen anvan sa ki pwoteje kont difteri, tetanòs oswa koklich**
- Te gen yon **koma, diminisyon nivo konsyans, oswa kriz pwolonje nan lespas 7 jou apre yon dòz anvan sa nan nenpòt vaksen kont koklich (DTP oswa DTaP)**
- Gen **kriz oswa yon lòt pwoblèm sistèm nève**
- Te gen deja **Sendwòm Guillain-Barré** (ke yo rele tou “GBS”)
- Te gen **doulè oswa anfleman grav apre yon dòz nenpòt vaksen anvan sa ki pwoteje kont difteri oswa tetanòs**

### Pou PCV:

- Te gen yon **reyaksyon alèjik apre yon dòz anvan sa ak nenpòt tip vaksen konjige anti-nemokoksik (PCV13, PCV15, PCV20, oswa yon vaksen konjige anti-nemokoksik pi bonè ke yo rele PCV7), oswa ak nenpòt vaksen ki gen nan yo anatoksin difterik** (pa egzansp, DTaP)

Nan kèk ka, founisè swen sante timoun ou an ka deside ranvwaye vaksinasyon an jiska yon pwochen vizit.

Timoun ki gen maladi minè, tankou rim, ka pran vaksen. Timoun ki malad yon fason modere oswa yon fason grav dwe òdinèman rete tann jiskaske yo refè anvan yo vaksinen.

Founisè swen sante timoun ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

---

## 4. Risk pou yon reyaksyon ak vaksen an

---

### Pou tout vaksen sa yo:

- Doulè dire kout, woujè, anfleman, chalè, doulè, oswa sansibilite kote yo bay vaksen an ka rive apre vaksinasyon an.

### Pou vaksen DTaP, vaksen Hib, vaksen epatit B, ak PCV:

- Lafyèw ka rive apre vaksinasyon an.

### Pou vaksen DTaP:

- Ajitasyon, sansasyon fatig, pèt apeti, ak vomisman rive pafwa apre vaksinasyon DTaP.
- Reyaksyon ki pi grav, tankou kriz, kriye san rete pandan 3 èdtan oswa plis, oswa gwo lafyèw (plis pase 40.5°C [105°F]) apre vaksinasyon DTaP rive mwens souvan anpil. Raman, efè segondè apre vaksinasyon an gen ladan li anflamasyon nan tout bra oswa janm, sitou kay timoun ki pi gran yo lè yo resevwa katriyèm oswa senkyèm dòz yo a.

### Pou PCV:

- Pèt apeti, ajitasyon (iritabilite), sansasyon fatig, maltèt, ak frison ka rive apre vaksinasyon kont PCV.
- Jenn timoun yo ka gen plis risk pou kriz akòz lafyèw la apre yon vaksen konjige anti-nemokoksik si yo bay li anmenmtan ak vaksen kont grip inaktive a. Mande founisè swen sante w plis enfòmasyon.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans ki piti anpil pou yon vaksen lakòz yon reyaksyon alèjik grav, lòt chòk grav oswa lanmò.

---

## 5. E si gen yon pwoblèm grav?

---

Yon reyaksyon alèjik ka rive apre moun ki pran vaksen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyaksyon alèjik grav (itikè, anflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij oswa feblès) rele **9-1-1** ak mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Pou lòt siy ki enkyete ou, rele founisè swen sante ou.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.

Haitian Creole translation provided by Immunize.org

Vaccine Information Statement (Interim)  
**Multi Pediatric Vaccines**

Yo dwe rapòte reyaksyon negatif yo nan Sistèm Rapò sou Efè Endezirab Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Òdinèman, founisè swen sante ou ap fè rapò sa a, oswa ou ka fè li oumenm. Ale sou sitwèb VAERS la nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan **1-800-822-7967**. VAERS se pou rapòte reyaksyon yo sèlman, epi manm pèsònèl VAERS yo pa bay konsèy medikal.

---

## 6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj anrapò ak Vaksen

---

Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan pran Vaksen (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te pran chòk akòz sèten vaksen. Reklamasyon konsènan swadizan blesi oswa lanmò akòz vaksinasyon gen yon delè pou depoze yo, ki ka kout tankou dezan. Ale sou sitwèb VICP an nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lan ak pou depoze yon reklamasyon.

---

## 7. Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

---

- Mande founisè swen sante ou.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Vizite sit entènèt Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou jwenn avi ki vini ak vaksen yo ak enfòmasyon anplis nan [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC):
  - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).

DCH-1397HC AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

42 U.S.C. § 300aa-26  
**7/24/2023**

OFFICE  
USE  
ONLY

